



SOSYETE MASSACHUSETTS
BIWO PWOKIRÈ JENERAL
ONE ASHBURTON PLACE
BOSTON, MASSACHUSETTS 02108

ANDREA JOY CAMPBELL
ATTORNEY GENERAL

(617) 727-2200
(617) 727-4765 TTY
www.mass.gov/ago

Gid Planifye Ijans pou Paran ki gen Eitati Antanke Imigran ki pa Sèten

Paran ki gen estati imigrasyon ki pa sèten gendwa enkyète konsènan swen ak gad pitit yo si yo ta arete yo sanzatan oswa otorite imigrasyon federal yo depòte yo. Men opsyon legal yon paran gendwa oblije panse pran pou yon timoun ki kapab rete Ozetazini si yo ta arete oswa depòte paran l.

Deside si youn nan desizyon sa yo se bon chwa a pou yon fanmi an patikilye pral depann de sikonstans fanmi sa a. Pa egzanp, si yon paran prevwa yon ti separasyon tou kout sèlman de yon timoun, otorizasyon gadyen oswa ajan otorizasyon tanporè gendwa fè plis sans. Si separasyon an gen chans pou l long oswa gadyen an t ap pran timoun nan pou l abite nan yon lòt eta, lòt pwoteksyon legal pou yon responsab gendwa preferab. Yo pale de chak nan opsyon sa yo an plis detay pi ba a.

Pou chak opsyon, paran an gendwa vle prepare fòmilè ki nesèsè yo alavans, yon fason pou paran an, timoun nan, ak moun ki pral pran swen timoun pral mete yo prè si ta vin gen nesèsite pou sa.

1) Otorizasyon Gadyen “Caregiver”

- **Kiyès yon gadyen ye?**

Yon gadyen kapab pran desizyon medikal ak edikatif pou yon timoun nan non yon paran, men li pa gen otorite konplè pou l aji antake yon paran. Paran an pa abandone dwa gad oswa parantal. Otremandi, paran yo gen dwa desizyon final sou timoun nan. Otorizasyon yon gadyen dire dezan apre sa yo dwe renouvle l, e yo kapab anile otorizasyon l nenpòt lè.

- **Ki Pwosis pou Otorize yon Gadyen?**

- 1) Deklarasyon Otorizasyon pou Gadyen: Paran an ta dwe ranpli premye paj fòmilè Deklarasyon Otorizasyon pou Gadyen an e siyen l devan de temwen (apa de gadyen an) ak yon notè (an jeneral yo disponib nan bank yo). Temwen yo, gadyen, ak notè a dwe siyen fòmilè a tou.
- 2) Livrezon Deklarasyon: Gadyen an ta dwe voye yon kopi Deklarasyon an ki ranpli bay lekòl timoun ak pèsònèl medikal li (tankou doktè ak dantis) si ak lè timoun nan nan swen l. Gadwen an ta dwe kenbe Deklarasyon orijinal la e paran an ta dwe kenbe yon konpi.
- 3) Anilasyon: Pou anile aranjman an, paran an ta dwe voye yon lèt ki siyen e ki gen dat bay gadyen k ap anile otorizasyon gadyen. Paran an ta dwe transfere lèt sa a bay lekòl la ak pèsònèl medikal la.
- 4) Renouvèlman/Modifikasyon: Yon otorizasyon pou gadyen valid pou dezan, apre sa paran an ak gadyen an dwe ranpli yon nouvo otorizasyon. Yon otorizasyon pou gadyen kapab modifiye nenpòt lè tou lè w ranpli yon nouvo otorizasyon.

Fòmilè Deklarasyon Otorizasyon pou Responsab:

<https://www.mass.gov/doc/caregiver-authorization-affidavit/download>

2) Otorizasyon Ajan Tanporè

- **Kiyès yon ajan tanporè?**

Ajan tanporè yo se menm bagay ak gadyen-~~yo~~ men yo gen yon pi gran otorite sou timoun nan pandan yon peryòd tan ki pi kout. Yon ajan tanporè kapab aji antanke paran an nan prèske tout fason, men ajan an pa kapab bay konsantman l pou maryaj ak adopsyon. Epitou yon paran kapab mete restriksyon sou otorite ajan an. Otorizasyon sa a dire 60 jou e apre sa yo dwe renouvle l.

- **Ki Pwosesis pou Otorize yon Ajan Tanporè?**

Pwosesis la apeprè idantik a otorizasyon pou gadyen, men yon paran ap bezwen konsantman dezyèm paran an, si paran sa a gendwa dispoze e kapab bay swen e yo konnen kote l ye.

Echantiyon Fòmilè Otorizasyon Ajan Tanporè:

<https://www.masslegalhelp.org/sites/default/files/2024-02/temporary-agent-appointment-w-alternate.pdf>

Referans legal: Lwa Jeneral Massachusetts Chapit 190B Atik V Seksyon 5-103

3) Responsab yon Minè

- **Kiyès yon responsab?**

Yon tribinal chwazi yon responsab pou pran tout desizyon legal pou yon timoun menm jan yon paran t ap fè sa. An jeneral, yon responsab gen gad fizik e legal sou timoun nan, yon fason pou paran paka pran desyon pou timoun nan ankò amwenske dwa responsab la fini. Dwa responsab kapab tanporè (dire 90 jou) oswa pèmanan (dire jiskaske timoun nan vin gen 18 an oswa pou yon lòt peryòd tan byen presi selon tribinal la), sepandan yon tribinal kapab toujou mete fen nan yon dwa responsab si tribinal la panse li pa nan pi bon enterè timoun nan.

- **Ki sa Pwosesis pou Chwazi yon Responsab la Ye?**

Tribinal Siksesyon ak Fanmi gendwa chwazi yon responsab anba divès sikonstans, sa gen ladan si tout paran k ap viv (yo) bay konsantman a dwa responsab la oswa si tribinal la twouve paran an (yo) pa kalifye oswa pa disponib pou yo gen dwa responsab. Nenpòt moun kapab mande tribinal la chwazi yon responsab, san wete paran an, moun ki pral responsab la, oswa timoun nan. Apre sa tribinal la òganize yon odyans pou detèmine si yo ta dwe chwazi responsab la.

Bay konsantman depi alavans:

Pou etabli konsantman a dwa responsab, tout paran legal ta dwe prepare yon [Renonsyasyon Kay Notè ak Konsantman pou Mande Dwa Responsab](#), fè l kay notè, e bay li a moun ki pral jwe wòl responsab la. Apre sa, si ak lè yon bezwen yon dwa responsab, yon moun ki pral jwe wòl responsab kapab ranpli fòmilè sa a ansanm avèk yon [Deman pou Chwa Responsab](#) avèk Tribinal Siksesyon ak Fanmi an.

Si gen yon paran ki deja pa disponib:

Si paran an pa kapab prepare fòmilè konsantman an anvan yo arete l oswa depòte l, moun ki te la pou jwe wòl responsab la (oswa yon lòt moun ki enterese) gendwa ranpli yon [Demand pou Asiyasyon Responsab](#) ki endike paran yo pa disponib.

Pwokirè Tribinal la chwazi:

Ann amoni ak lwa Massachusetts, yon paran gen dwa a yon avoka pandan yon dosye pou dwa responsab. Si w pa kapab jwenn youn pakse revni w vrèman fèb, ou gendwa gen dwa a yon avoka tribinal la chwazi. Pou w mande yon avoka nan pwosesis dwa responsab yo, ou gendwa ranpli yon [Rekèt nan Demann pou Konsèy](#). Tribinal la kapab chwazi yon pwokirè pou reprezante paran an, menmsi yo arete oswa depòte paran an.

Dwa responsab tanporè:

Epitou moun k ap fè demann nan gendwa vle ranpli yon [Rekèt pou Chwa Responsab Ranporè](#). Yon dwa responsab tanporè akselere (k ap dire jiska 90 jou) gendwa apwopriye pou asire stabilite pou timoun nan pandan y ap etabli dwa responsab pèmanan.

Si yon timoun gen 14 an oswa plis:

Si yon timoun gen omwen 14 an, an jeneral tribinal la ap respekte sa l swete a konsènan kiyès yo ta dwe chwazi kòm responsab. Yon timoun ki gen omwen 14 an ta dwe nonmen yon repsonsab avèk [Konsantman Kay Notè e ki Verifye oswa Nominasyon pa mwayen yon Minè](#) pou ranpli avèk [Demann nan pou Chwa Responsab](#). Paran an gendwa vle genyen yon konvèsasyon franch avèk timoun nan sou sa, yon fason pou timoun nan kapab prepare pou nonmen yon responsab oswa kapab prepare dokiman an alavans.

Mete fen nan yon dwa antanke responsab:

Pou mete fen nan yon dwa antanke responsab, paran (oswa yon moun) t ap gen pou l retounen nan tribinal la pou l ranpli yon [Demann pou Retire Responsab yon Minè](#) oswa responsab la te kapab ranpli yon [Demann pou Demisyone antanke Responsab yon Minè](#).

• **Ki sa mwen bezwen kenbe nan lespri m?**

Pa gen okenn garanti pou responsab paran an chwazi a se li menm tribinal la ap chwazi. Epitou pa gen okenn garanti yo pral chanje oswa mete fen nan yon dwa antanke responsab lè paran an swete sa (e li gendwa difisil pou chanje oswa mete fen nan yon dwa antanke responsab si paran an nan yon lòt peyi). Men si paran an, moun ki pral responsab la, ak timoun nan dakò, an jeneral tribinal la ap respekte sa yo swete a amwenske genyen prèv ki montre si l ap fè sa sa pa t ap nan bon enterè timoun nan.

Fòmilè: <http://www.mass.gov/courts/forms/pfc/pfc-upc-forms-generic.html#2>

Referans legal: Lwa Jeneral Massachusetts Chapit 190B Atik V Seksyon 5-204, 5-206 ak 5-207

Resous

Sa ki pi ba yo se resous paran yo gendwa twouve ki itil pandan y ap panse a metòd pou aranje swen pou timoun yo si yo ta rive fè fas ak detansyon oswa depòtasyon.

• **Enfòmasyon Jeneral**

Plis enfòmasyon sou dwa antanke responsab: <https://www.mass.gov/guardianship-of-minors>

Gid Èd Legal Massachusetts pou Planifikasyon pou yon Ijans Familyal:

<http://www.masslegalhelp.org/immigration/family-emergency>

Enfòmasyon konsènan aksè a yon avoka tribinal chwazi kòm yon paran nan yon dosye sou dwa responsab:

<http://www.masslegalhelp.org/children-and-families/guardianship/parents-right-to-lawyer>

Gid tribinal pou responsab familyal avèk yon lis resous itil selon kote l abite nan Massachusetts:

https://www.massgrg.com/massgrg_2019/assets/files/relative_caregivers_guide_2014.pdf

2014 bwat zouti ki gen tit *Nan Prizon oswa Depòte "Detained or Deported": E pitit mwen yo?* grasa Komisyon Refijye Fanm yo:

<https://www.womensrefugeecommission.org/rights/resources/1022-detained-or-deported-parental-toolkit-english-interactive>

- **Èd Legal**

Lis chwa èd legal, sa gen ladan Avoka pou Pwogram Jounen yo nan Tribinal Siksesyon ak Fanmi:

<https://www.mass.gov/info-details/finding-a-lawyer>

Sèvis Referans Avoka Bawo Massachusetts: <https://www.massbar.org/public/lawyer-referral-service>

Rechèch Resous Legal Massachusetts: <https://masslrf.org/en/home>

Lis Kontwòl Dokiman pou Rann Disponib:

Selon plan pou yon timoun an patikilye, yon paran gendwa vle asire l genyen dokiman enpòtan pou swen ak gad timoun sa a nan yon sèl plas e disponib pou timoun nan ak moun ki pral gadyen l lan si ak lè yo nesèsè. Dokiman pou n konsidere yo gen ladan:

[Otorizasyon pou Responsab](#)

[Otorizasyon pou Ajan Tanporè](#)

Dokiman pou Dwa Antanke Responsab, sa gen ladan:

[Renonsyasyon Kay Notè ak Konsantman pou Fè Demann Dwa Responsab](#)

[Konsantman Kay Notè e ki Verifye oswa Nominasyon yon Minè Fè](#) (si timoun nan gen 14 an

oswa pi gran)

Paspò

Sètifika Nesans

Kat Sekirite Sosyal oswa Nimewo Idantifikasyon Moun k ap Peye Taks

Dokiman imigrasyon

Papye anrapò ak gad timoun nan

Enfòmasyon kont finansyè

Dosye sou pwopriye reyèl oswa pèsònèl

Dosye anrapò ak pwogram avantaj eta oswa federal (sa gen ladan Sekirite Sosyal, Èd Tranzisyon pou Fanmi ki gen Timoun (TAFDC), Èd ann Ijans pou Pèsònaj ak Timoun Andikape (EAEDC), Pwogram Èd Manje Siplemanntè (SNAP), ak Edikasyon ak Swen pou Timoun Piti (EEC)

Politik asirans (sa gen ladan asirans sante ak asirans vi)

Dosye medikal

Dosye lekòl

Enfòmasyon kontak enpòtan (sa gen ladan lekòl, doktè, ak manm fanmi)

Ajou: Jiyè 2025